

## Ki Enfòmasyon wap bezwen pou Ranpli Aplikasyon w lan?

- Non ou, dat ou fèt ak kote w ap viv
- Nimewo Sekirite Sosyal ou
- Non ak laj moun k ap viv avèk ou
- Revni total moun lakay ou
- Depans ou chak mwa

Tanpri sonje pou siyen aplikasyon ou epi pou voye sèlman **kopi** dokiman yo – kenbe orijinal ou yo!

*Dapre lalwa ak règleman, tout enfòmasyon pèsònèl ak dokiman nou pran pandan pwosesis aplikasyon an dwe rete pwoteje ak an sekre.*



**Èske ou gen laj 60 ane oswa plis epi ou gen pwoblèm pou ekilibre bidjè ou?**

Chak jou, granmoun aje mnm jan avèk ou itilize avantaj SNAP pou achte manje ki fòtifyan pou yo rete an sante.



*Tcheke si ou kalifye pou plizyè kalite avantaj, epi aplike pou SNAP nan*  
**myBenefits.ny.gov**

*Pou jwenn plis enfòmasyon*  
**800-342-3009**

*Enstitisyon sa se yon founisè opòtinite egal.*



NEW YORK  
STATE OF  
OPPORTUNITY.

Office of Temporary  
and Disability Assistance

[otda.ny.gov](http://otda.ny.gov)

Pub-4716 HA (Rev. 2/16)

# Chak Jou, Granmoun Aje Menm jan avèk ou Resevwa SNAP



NEW YORK  
STATE OF  
OPPORTUNITY.

**SNAP**  
Supplemental Nutrition  
Assistance Program

Yon Pwogram Biwo Asistans Tanporè ak Dezabilite

# Avantaj SNAP ak OU!



Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP) ede moun ki pa touche ase revni achte manje ki fòtifyan.

Chak ane, anpil moun – **menm jan avèk ou** - ede ekilibre bidjè yo lè yo itilize SNAP.

Tout moun ki kalifye gen dwa pou yo resevwa SNAP - e ou p ap retire avantaj yo nan men okenn lòt moun. SNAP la pou ede tout moun ki kalifye yo!

Ou ka kalifye tou menmsi ou posede yon kay ak/oswa yon vwati, menmsi ou gen lajan labank, oswa menmsi w ap viv avèk lòt moun.

Depi ou kalifye pou Avantaj SNAP, w ap resevwa yon kat plastik ki sanble avèk yon kat kredi oswa yon kat debi pou pèmèt ou achte manje angwo nan boutik, mache agrikòl ak lòt kote ki patisipe yo.

## Kijan Mwen Konnen Si Mwen Kalifye?

SNAP itilize revni ak sèten depans verifye, tankou depans pouabri ak depans medikal, pou ka detèmine si ou kalifye ak kantite lajan avantaj ou.

**Ou ka kalifye pou SNAP menmsi w ap travay, menmsi w ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal, avantaj Revni Sekirite Anplis (SSI) ak/oswa avantaj retrèt.**

## Sen lejann Komen SNAP

**Lejann:** SNAP (kupon manje) se yon pwogram asistans sosyal.

**Laverite:** SNAP se yon pwogram manje ki ede moun achte manje ki bon pou sante lè yo pa gen ase lajan.

**Lejann:** Aplike pou SNAP konplike, aplikasyon an twò long.

**Laverite:** Li pat janm vin pi fasil pase anvan pou aplike pou SNAP! Ou ka aplike sou Entènèt nan [myBenefits.ny.gov](http://myBenefits.ny.gov), nan sèvis lapòs, nan faks, oswa an pèsòn nan Depatman Sèvis Sosyal zòn ou oswa nan Sant Administrasyon Resous Imèn Vil New York Rele **800-342-3009** pou biwo ki pipre ou.

**Lejann:** Ou dwe ale nan biwo SNAP pou yon entèvyou.

**Laverite:** Yo fè pifò entèvyou nan telefòn pou lè wap aplike pou SNAP. Anfèt, ou ka chwazi yon reprezantan otorize pou aplike epi fè entèvyou nan non w. Avèk pèmisyon ou, moun sa ka menm achte manje pou ou avèk avantaj SNAP ou!

**Lejann:** Ou pa resevwa kredi pou bòdwo medikaman preskripsyon ak medikal lè yo kalkile avantaj SNAP ou.

**Laverite:** Fè travayè w la konnen si ou gen depans medikal ke ou peye nan pòch ou; sa ka ogmante kantite lajan avantaj SNAP ou.

**Lejann:** Lòt moun ap konnen ke m ap itilize avantaj SNAP.

**Laverite:** Moun ki gen avantaj SNAP gen yon kat plastik pou yo itilize nan boutik episri. Lè yo pase kat la nan machin yon episri pou w peye, okenn moun pap okouran ke wap peye avèk yon kat avantaj SNAP.